Ассаламу гIалайкум!

# ГЬУДУЛЛЬИ

№67-68
(9709-9710)

2015 соналъул
28 август

РУЗМАН

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

## ГЪОТIОЛ ЩУЛАЛЪИ- КЬАЛБАЗДА БАРАБ



«БакIалъулаб управление цебетIезабиялъулъ кIудияб захIматалъулаб бутIа лъеялъе ва гIемерал соназ ракIбацIцIадаб хIаракатчилъиялда хIалтIиялъе гIоло» абун ХIайдарбег ХIайдарбеговасе Дагъистан Республикаялъул ХIурматалъулаб грамота кьун бугилан рагIиндал дида ракIалде рачIана магIарулазул гьел гIакъилал рагIаби. ТIадегIанаб шапакъат щварав гьев бегавуласул хIалтIаби рихьизегIаги лъикIилан АнсалтIа росулъе щварав дун дандчIвана росдал жамагIаталъул гIадамалгун. Гьикъана росдал администрациялъул ва гьелъул бетIер ХIайдарбег ХIайдарбеговасул хIалтIул хIакъалъулъ. Киназго цояс гIадин абуна: ХIайдарбег вуго нижер росдае Аллагьасго кьурав бегавул. Гьев вуго росдае гIоло ракIбацIцIадго ва кIудияб хIаракатчилъиялда хIалтIулев, ритIухъав, гIаданлъиги яхI-намус рехун бугеб гьаб заманалда, гьеб цIунулев, жиндир кIалдисан бетIер къотIаниги гьереси къватIибе унарев росдал бетIерян.

Гьоркьоса вахъун цо кIудияв чияс бицана:-Мунагьал чураяв жиндирго эмен ХIайдарбегил ХIажил ишал ва гIагараб росдал социалиябгун экономикияб рахъ цебетIезабиялъул рахъалъ рукIарал гьесул анищал гIумруялде рахъинарулел ругин гьесул вас ХIайдарбегицаян. Амма гьелъие гьесие рес кьуна росдаца жидерго бетIерлъун вищиялъ. Дир пикруялда, Аллагьасго кантIизарун ратила гьелде росдал гIадамал. Щай гурого гьелъие заман щун букIиндал.

Лъабкъоабилел ва лъабкъоялда анцIабилел соназ гьесул эмен ХIайдарбегил ХIажи хIалтIулев вукIана росдал Советалъул исполкомалъул председательлъун ва хадув колхозалъул нухмалъулевлъунги.

Гьес кIудияб захIматалъулаб бутIа лъуна росдал социалиябгун экономикияб рахъ цебетIезабиялъулъги гIадлу-низам щула гьабиялъулъги.

Живго гIолохъанчи вукIаниги гьесда бажарулеб букIана росдае нухмалъиги ва эменлъиги гьабизе. Гьесда лъалаан росдал кинаб хъизаналда кинаб рохел ва кинаб къварилъи бугеб. КIиябгоялъе кIвараб квербакъиги гьабулаан. Замананалда тIаде-гьоркье щолаан росдал чIахIиял чагIазухъе, хасго гIагарал-божаразухъе. Гьев вукIана унго-унгояв нухмалъулевлъунги ва тIадегIанаб гIаданлъиги, рекIел бацIцIалъиги, ритIухълъиги ва бахIарчилъиги гIадал тIадегIанал хасиятазул инсанлъунги.

Гьесда цIакъ лъалаан росдал гIиссиналги чIахIиялги гIадамалгун хIалтIизеги ва гьездасан гIадлу-низам тIалаб гьабизеги ва гьезие насихIатал гьаризеги…

Колхозалъул гьутаналдаса грузовияб машиналда магIарухъе рачIунаго (доб заманалда колхозазда цо-цо гурони машина букIунароан). Харайчо магIардаса тIаде рачIунаго, квачан батидал, живго кузовалъувеги лъугьун, шоферасда аскIор рекIинаруна цадахъ рукIарал эбел- лъимер. ГIандадерил магIарде щведал цIакъго цIорораб батун, гьев лъикIго квачала. Гьелъ гIузру ккарав гьев сахлъичIого гIумруялъул кIикъоабилел соназда Аллагьасул къадаралде щола.

Гьеле, гьел къоязда росулъе зигараялъе рачIуна партиялъул ЛъаратIа райкомалъул тIоцевесев секретарьлъун хIалтIулев вукIарав Жаватхан ГIалихановги ва гьесулго гьудул-гьалмагъ мундерил колхозалъул председательлъун вукIарав ХIамзат ГIашикъовги.

АнсалтIа росдал хIурматияб жамагIат,-ян абуна Жаватхан ГIалихановас, мунагьал чураяв ХIажи нужедасаги лъикI лъала нижеда. МахIачхъалаялда партиялъулгун советияб школалда лъабго соналъ цадахъ цIалулел рукIун нижеда бихьана гьесул тIадегIанаб гIаданлъиялъулалгун бахIарчиял хасияталги, рухIиябгун нравственнияб рацIалъиги ва лъай босизе букIараб гIишкъуги гьунарги. Гьединго гьудуллъиялъулъги, цIалулъги ва цогидалъулъги гьесул букIараб рацIалъи. ЩакъгоцIикIкIун гьунар букIана гьудуллъи цIунизеги ва гьелъул хIурмат гьабизеги. Гьел киналго рахъаз гьев вукIана нижер курс цоязе мисаллъун.

Гьесул хъизан-агьлуялда цадахъго нижеца зигара балеб буго тIолабго росдадаго, щайгурого гьев мунагьал чурад цIикIкIун камуна росдаеги ва районалъегоги.

Ахир 2 гьум.

## АДРЕС МЕКЪАБ РАГЬАРАБ КАГЪАТ

Гьаб соналъул 22 маялда къватIибе араб районалъул «Гьудуллъи» газеталъул 2 абилеб гьумералда бахъун букIана Гьизляралъул зонаялда бугеб Гьодобери росдал колхозалъул «Комар гьутаналда» гIумру гьабулел ругел гIадамазул цIаралдасан Аслудин Шаматовас бачIараб районалъул администрациялъул бетIер ЛабазанхIажи Балдугъовасул цIаралда хъвараб рагьараб кагъат.

Гьениб гьел гIадамаз, жидерго гьутаналда райадминистрациялъ гIарацги кьун балеб букIараб фельдшерлъиялъулаб пунктальул мина бан рагIалде бахъун гьечIолъиялъе гIайибияв лъун вихьизавун вуго райадминистрациялъул бетIер Л-ХI. Балдугъов.

Редакциялъ гьеб газеталдаги бахъун букIана гIадамазул пикраби лъазе. Гьел пикраби загьир гьарулел руго телефоназдасанги кагьтаздалъунги. ТIоцебе жиндирго пикру загьир гьабурав гьодоберисев къадру-кьиматги лъай-гIелмуги бугев цо кIудияв чияс абуна:

-Гьеб рагьараб кагьтил адрес мекъи ккун буго. Гьеб кагьат хъвазе кколаан Гьодобери росдал администрациялъул бетIер МухIамаев ГIубайдулахъеги ва районалъул больницаялъул бетIерав тохтур ГIабдуразакъ ГIабдурахIмановасухъеги. Гьелъие далилги гьадинаб буго, масала, Россиялъул хIукуматалъул бетIер А. Медведевас гIарац биччан буго Дагъистаналда цIияб кIудияб больница базе. Гьеб баялъул къисматалъул хIакъалъулъ жавабчилъи гIарац биччарав А. Медведевасдаса гуреб, Дагъистаналъул хIукуматалъул бетIер А-С. ХIамидовасдасанги ва Республикаялъул сахлъи цIуниялъул министр Т. Ибрагьимовасдасанги тIалаб гьабизе букIана гIадамазги ва хIатта, РФялъул Президент В. Путиницаги.

Гьединалго пикраби ругоан цогидазулги.

Редакциялдаги ккола гьединаб пикру битIараблъун батилин. Щай гурого, доб гьодоберисезул гьутаналда балеб букIараб фельдшерлъиялъулаб пунктальул хIакъикъиял бетIергьабилъун лъугьине рукIиндал Гьодобери росдал администрацияги ва райбольницаги.

Районалъул ва райадминистрациялъул бутIрузе, кигIан бокьаниги, заман букIинаро, кигIан гьитIиналде гIунтIунги, районалъул бюджеталдаса риччарал гIарцаздалъун ралел бакIазда хадур чIезе.

Гьединлъидал гIайибал чIваялъул гIаксалда, киналго захIмалъабиги хIисабалде росун, гьеб медпунктальул мина базе гIарац биччазе квербакъарав Л-ХI. Балдугъовасе баркала кьезе ккола гьутаналда ругез ва гьеб битIараблъунги букIинаан. Щиб лъалеб, гьеб лъугьинабиялъеги кумек щвезе бегьула гьесдасаго.

**НИЖЕР МУХБИР.**

# ГЪОТIОЛ ЩУЛАЛЪИ-КЪАЛБАЗДА БАРАБ



Гьев вукIана гьунар бугев гIуцIарухъанги гIаданлъи цIикIкIарав инсанги. Ва сундулъго вацIцIадав вукIана, кьурда бижараб тIегь гIадин.

Биччанте, инсуда релълъараллъун рукIине гьесул лъималги ва гьезул цоясгIаги гIумруялде рахъинаризе росдал гIадамазе ракIбацIцIадго хъулухъ гьабизе инсул рукIарал анищал,-ян берал рацIана гьес.

Мунагьал чураяв ХIажил гьудулзабаз гьабураб гьеб гьари-дугIа дида ракIалде бачIуна АнсалтIа росдал администрациялъул бетIерасул качествоялда хIалтIулев вугев гьесул кIудияв вас ХIайдарбег вихьараб щибаб нухалъ. Ва щибаб нухалъ цIикIкIун бичIчIуна «ГъотIол щулалъи кьалбазда бараб буго»,-ян абулел гIакъилал умумузул рагIабазул магIна.

КигIан боххулеб батила гьесул инсул рухI, кигIан рохулел ратила гьеб росдал мухъилал гIадамал!

Жиндирго ракIги кверги бацIцIадаб хIалтIудалъун гьел жеги цIикIкIун роххизаризе Аллагьас квербакъаги ХIайдарбегиеги,-ян лъугIизабуна кIудияв чияс жиндирго калам.

КватIичIого тIаде щвана росдал бегавулги. Салам-каламалда хадуб, дида нахъаса кIалъалелгIаги гьечIищ нуж,-ян махсароги гьабула гьес.

-Нахъа ва цереса кIалъаниги цониги гьереси бицунев чи гьечIо нижеда гьорлъ,-ян абуна гIезегIан ригь арав цогидав чияс…

Гьелдаса хадур росдал бегавулгун ниж щвана росулъ гьарун ругел ва гьарулел ругел хIалтIаби рихьизе. Гьелин абуни гIемерал руго. Гьел руго росдал гIадамазул мегьалгун ахал лъалъалеб лъималъул лъабабго рахъалда анцIгоялде гIагарун километралъул манзилалда кидаго къачIан чIезарун ругел рахъал, Юнус-щайих жанив ругел хабал сверухъан къан къачIай, росдал лъар тун доб рахъалда ругел чIахIиял авалазде лъурал кьоял, лъарал мухъалда бугеб мегъалъе хIинкъи гьечIолъиялъе лъарал мухъ буххин, росдал территориялда ругел нухал къачIан чIезари, хвелалъул кверкьеялъе хинаб ва гвангъараб мина, росдал базаралъул майданалде хъил тIей ва цогидалги. Бюджеталъул щибаб гъурущ хIалтIизабулеб буго росдае ва росдал гIадамазе лъикIлъиялъе. Гьесул хIалтIулъ бищунго лъикIаб къагIидалъун кколеб буго жинца гьабулеб иш киназего загьираблъун букIинаби, жиндирго рагIул бетIергьанлъун вукIин, чорхолъ къадарал, гIадамазе заралиял хасиятал гьечIолъи.

Дие цIакъ бокьана ХIайдарбегил нухмалъиялда ансадерил администрациялъ росдал гIун бачIунеб гIелалъе нравственниябгун патриотикияб тарбия кьеялъул рахъалъ гьабулеб бугеб хIалтIи. Гьеб гьабулеб буго росдал школаги ва росдал мажгитги гIахьал гьарун.

Гьесул хасиятаздеги, гьес росулъ гьарулел ругел хIалтIабазде балагьидалги ва росдал чIахIияб гIелалъ гьесул хIакъалъулъ бицаралде гIин тIамидалги дидагоги ракIалде ккана гьев ватизеги ватилин ансадерие унго-унгоги Аллагьасго кьурав росдал бетIерян.

Гьединав чиясе кьимат кьезеги ва росдае гьев цIунизеги гIакълуги таваккалги гIейги ансадерие!

***А. АГЪЛАРОВ.***

# ГЬАВ ВУКIАНА ЦЕБЕСЕБ КЬЕРДА



Гьанже мустахIикъаб хIалхьиялда вугев, гьодоберисев КъурамухIамад МухIамадгIалиев дида лъала араб гIасруялъул лъабкъоабилел соназдасан нахъего. Гьел соназда гьев хIалтIулев вукIана росдал колхозалъул шоферлъун. Жигараб гIахьаллъи гьабулеб букIана колхозалъул гьутаналда ва магIарухъ гьарулел хIалтIабазулъ. Колхозалъул магIишаталъул сезоналъулал хIалтIабазул заманалда, хасго тIощалил бачIин бакIариялдаги рагIи-хер хIадуриялдаги, гIезегIанго захIмат тIаде кколаан КъурамухIамадидеги ва гьес хIалтIизабулеб букIараб колхозалъул грузовияб машинаялдеги. Доб заманалда колхозазул цо-кIиго гурони машинаби рукIунароан.

Гьеб заманалда завалав гIолохъанчи вукIана КъурамухIамад. Амма гьесул хьвада-чIвадиги, жинда божизабун бугеб ишалъе гIоло бугеб жавабчилъиги ва гIадамазулгун гьоркьоблъи гьабизе бугеб гьунарги гIурав, гIезегIан дунял бихьарасул гIадаб букIана.

Гьесул мунагьал чураяв эмен Къураев МухIамадгIалиги вукIана гьединабго хьвада-чIвадиялъулги ва хасиятазулги чи. Гьевги хIалтIулев вукIана гIемерал соназ жидерго росдал колхозалъул председательлъун ва росдал цогидал жавабиял ишаздаги.

КIудияб ВатIанияб рагъул соназда жиндиего бокьун фронталде унев вукIарав гьесда военкоматалда гьикъула: дуе бокьилаарищ нилъерго жанисел тушбабигун вагъизе, гьебги ккола гитлерилаб фашизмалдасан нилъер гIагараб ВатIан эркен гьабиялъе кIудияб квербакъилъун, гьелъие гьунар гIезе бугебищ дур-ян. МухIамадгIалица гьеб суалалъе дандбитIараб жаваб кьечIо.

-Киб дидасан ВатIаналъе цIикIкIун пайда бугеб, гьенив ине хIадурав вуго дун,-ян абула гьес.-Нижее бокьилаан бакIалъулал гъачагъал-тушбабигун къеркьеялъе, ай гьел кверде росиялъе, яги тIагIинариялъе мун гьанив чIезе. Ниж божарал руго дуца гьеб тIадегIанаб жавабияб ишракIбацIцIадго ва бахIарчияб къагIидаялда тIубазабизе букIиналда. Гьединан гьев витIула гъачагъазде данде къеркьолеб истребительнияб отрядалде.

Гьес ва гьесул гьалмагъзабаз нахъе къачIеб къеркьей гьабула бакIалъулал ва къватIиса рачIарал гъачагъалгун. Гьезда гъорлъ кIудияб къадру-къимат букIана ансалтIисев чекист СагIадула СалихIовасулги. Абизе ккола, битIахъегояб гьезул хIаракатаб гIахьаллъиялдалъун истребительнияб отрядалъ ахир лъунин нилъер ва ЦIумада районалда рукIарал гъачагъазе. Гьезул гIемерисел рукIана гочинарулаго гьоркь хутIарал Чечено-Ингушетиялъул гражданал. Гьезул гIемерисел кверде росана, хутIарал тIагIинаруна…

Гьединав инсул вас вукIинги хIисабалде босун батилаха, гIураб лъайги ва хIалбихьиги гьечIев, колхозалъул гIолохъанав мухъилав шофер КъурамухIамадида божизабурабги гьодоберисез жидерго колхозалъул председательлъи. РекIекъго ва вас-васлъиялда кодобе босараб букIаниги 10 соналъ букIине кколедухъ гьабуна гьес гьеб. Хасаб кIвар кьуна гIи-боцIухъанлъиялдегун хурухъанлъиялде. 10 сонида жаниб гIиязул къадар цIикIкIана азаргоялде гIагарун бетIералъ, бахана 5 азарго бетIералде, чIегIербоцIи цIикIкIана кIинусгоялдасанги цIикIкIун бетIералъ ва бахана азарго бетIералде. ЛъикIаб хIалтIи гьабуна гIи-боцIуе бокьал раялъеги ва гIи-боцIухъабазе рукIа-рахъиналъулал шартIал чIезариялъеги ва гIи-боцIуе рагIи-хералъул база гIуцIиялъеги.

Гьединаб хIалтIуе гIоло гьел соназда гьеб колхоз кIицIулго мустахIикълъана районалъул хьвадулеб БагIараб байрахъалъе. Живго колхозалъул председатель МухIамадгIалиев КъурамухIамадиейин абуни, щвана ДРялъул ХIурматияб грамота. Гьединго росулъ букIараб общественниябгун политикияб гIадлу-низамалъе ва районалъул общественнияб гIумруялъулъ хIаракатаб гIахьаллъи гьабиялъе гIоло гьесие щвана Дагъистаналъул МВДялъул ХIурматияб грамотаги…

ХIалтIулъ гьединал хIасилалги, къадру-къиматги букIаниги, гIолохъанав председателасе чIалгIана гьеб хIалтIи. ГIилла гьесдаги Аллагьасдаги гурони лъаларо. Нахъе ине гIарзагун уна партиялъул райкомалъул тIоцевесев секретарьлъун вукIарав мунагьал чураяв Гъази Ангутаевасухъе. Гьес инкар гьабулеб букIана нахъе виччазе. Амма ракI бухIарабищ лъаларо, гIарзаялъул мурад тIубала. Гьедин нахъе унаго нуцIидухъе щварав гьев Ангутаевас чIезавула.-Росдал нухмалъиялдасан мун нахъе виччазе гьечIо. Дуца тIаде босе росдал Советалъул исполкомалъул председательлъи,-ян абуна партиялъул райкомалъул нухмалъулес. Гьесул рагIи хвезабизе бокьичIого тIаде босараб гьеб хIалтIиги гьабуна КъурамухIамадица 1984-2005 соназда. Ва гьенибги гьес бихьизабуна жив жиндирго бакIалда вукIин. 1999 соналъул августалъулал къоязда хIаракатаб гIахьаллъи гьабуна росулъе жанире лъугьунел рукIарал халкъазда гьоркьосел гъачагъал хIакъир гьарун нахъе къотIиялъулъ ва росулъ цогидалги гIуцIалилал хIалтIаби гьари-ялъулъ. Гьелъие гIологи мустахIикълъана ВатIаналъул шапакъатазе ва гIадамазул баркалабазе…

КъурамухIамадица гьабсагIаталъги хIаракатаб гIахьаллъи гьабулеб буго районалъулги росдалги жамгIияб гIумруялъулъ. Гьев вуго рагъулгун захIматалъул ветераназул районалъулаб советалъул член.

Жиндего тIаде босараб хIалтIиги гIумруги гьес бачана ва бачунеб буго яхI-намусги гIаданлъиялъулал хасияталги цIунун. Гьединаб хIалалда тарбияги кьун гIезаруна гьес жиндирго лъималги.

Аллагьас гьездасан вохун хутIаги гьевги ва гьесул хъизанги!

РакIалде ккола, росабазул гьанжесел нухмалъулезулъ, гьединазул хIаракатчилъиялъ дагьабниги цIа бакилилан.

***Ш. ЛАБАЗАНОВ.***



**СПЕЦИАДИСТАСУЛГУН ГАРА-ЧВАРИ**

# БЕРЗУЛ КАНЛЪИ-АЛЛАГЬАСУЛ РАХIМАТ

***Ахираб заманалда, батIаго цIикIкIун буго берзул канлъи дагьлъизе байбихьулел гIадамазул къадар. ХIатта, кIикъоялда анцIилъе рахинелдегицин гьеб рахъалъ зигардулел руго гIадамал. Гьединазул гIемерисезда лъалел гьечIо гьелъие ругел гIиллаби. Жавабчилъи гIолеб гьечIо тохтурасухъе инеги. Гьединазе кумек букIиналъе дун дандчIвана районалъул поликлиникаялъул тохтур-окулист Аминат МухIамаевагун ва гьарана чанго суалалъе жавабал кьеян. ГIезегIанго гьеб ишалда ракIбацIцIадго ва гIаданлъиги цIунун хIалтIулей йигей гьелъие гьеб рахъалъ камилаб махщел щун буго ва гьеб ракIбацIцIадго хIалтIизабулебги буго районалъул гIадамазул берзул канлъи цIуниялъе. Гьелъие гIоло нус-нус чиясул баркалаялъе мустахIикълъулейги йиго. Жиндирго тIолабго гIумру районалъул гIадамазул сахлъи цIуниялъе кьурай, районалда тIоцеесей тохтур ПатIимат ГIазаевалъго гIадин Аминатицаги гьел баркалаби рикIкIунел руго бищунго къиматаб шапакъатлъун.***

***-Аминат, кинал гIиллаби рукIунел заманго щвечIого гIадамазул канлъи дагьлъиялъе?***

-ГIемерал руго гьелъие ругел гIиллаби. Гьезул аслияллъун ва гIемер дандчIвалеблъун ккола «Инновационнияб централияб дистрофия сетчатки» абураб унти. ГIадат хIисабалда гьелъ унтула 40-50 соназдаса тIадехун арал гIадамал. Цо-цояз гьелде абула херлъиялъулаб беццлъиян.

Гьеб унтиялъе аслияб гIиллалъунги ккола беразул сетчаткаялъулаб оболочкаялъул централияб зона бияллдалъун хьезаби гIураб гьечIолъи. Гьелъиеги рукIине бегьула батIи-батIиял гIиллаби. Масала, берзулаб гьан херлъизе байбихьи, сетчаткаялда жаниб веществабазул обменалъул низам биххи, бидурихьазулаб системаялъулъ хиси ккей ва атеросклероз унти бакки. Гьез кIудияб роль хIала дистрофия хехлъизабиялъулъ.

Цо-цоязул гьеб букIуна ирсилаб хасияталъул. Амма гьеб къанагIат букIуна.

Бер буго фотокамералда релълъараб жо. Масала, фотокамералъул цебесеб рахъалда ругел линзабаз жидедаго гьоркьоса биччала канлъи ва гьелъ рес кьола камералъул нахъисеб рахъалда бугеб пленкаялда сурат лъугьине. Гьединабго къагIидаялда хIалтIула инсанасул берги. Гьелъул цересел бутIабаз (тIасияб хъалалъ, ясбералъ, хрусталикалъ) жидедаго гьоркьоса бигьаго биччала бералде жанибе канлъул чIорал. Гьел дандруссуна бералъул яблокаялъул нахъисеб хъалалда. Гьеб хъал бахчизабун бугеб катан гIадин тIеренаб хъалалде абула сетчаткаян. ГIадат хIисабалда гьелде абула «жо бихьулеб лага»-ян жиндаго тIад сурат чIарабщинаб жо гьелъ бихьиялъулаб нервадул кумекалдалъун кьола гIадал нахалде. Гьединлъидал бералъул кIвар бугеб бутIалъун ккола сетчатка. Гьелъул бидул низам биххиялъ хвезабула бералъул бищун кIвар цIикIкIараб зона (бакI).

ГIадат хIисабалда гьеб унти байбихьула цо бералда. Хадуб цо заманалдаса гьелъ хадуб цIала цогидаб берги.

Дистрофия байбихьун 7-8 сонидаса гIемерисезул кIиябго берзул канлъи гIезегIанго дагьлъула ва гIемерисел инвалидлъиялде ккола. Амма сетчаткаялъул рагIаллъаби цIунун хутIиялъ тIуранго беццлъичIого хутIула.

***-Гьеб унти байбихьиялъул гIаламатал кина-кинал рукIунел?***

-Гьеб байбихьулаго къадарлъула аскIоб бугеб жо бихьи. Хадуб байбихьула гьетIун жо бихьизе. Масала, цебе бугеб хIуби дагьабго гурун, гьетIун бихьула. Унтараб берда цебе чIола чIегIераб тIанкI. ТIехь цIалулеб бугони ккола гьоркьоса хIарпал рилун ругилан. РикIкIада бугеб жо гьитIинаблъун бихьула, унтичIеб бералда бихьулелдаса.

Гьел гIаламатазул цонигияб загьирлъани, тIокIалъ нахъ бахъичIого тохтур-окулистасухъе ине ккола. Гьес малъула гьабизе кколебщинаб жо. Гьеб гьабулаго жидерго канлъиялда хадуб хал кквезе ккола. Гьелъул бищунго бигьаяб къагIидалъун ккола Амслерил решеткаялдаса пайда боси. Гьеб гьабула гьадин: босула клеткаби ругеб тетрадалъул тIамач. Гьелда бахъе 10 сантиметр рахъазул квадратал, гьелда бакьулъ лъе чIегIераб тIанкI. Беразда рай цIалулелъул лъолел цIороберал. Цо берги къанщун дандбитIун гьеб чIегIераб тIанкIалде балагье. Хадуб цогидалъги. Гьедин балагьулаго гьеб тIамчида ругел киналго мухъал ва гIисинал квадратал киналго цоцада ращадал рихьулелги рукIун нужее гьениб гьитIинаб, яги чороклъараб, яги батIияб кьералъул квадрат бихьани, окулистасухъе ине кватIуге. Гьесухъан щвезе руго хадусел малъа-хъваял.

***-Аминат, тохтур-окулистасухъе щвелелдего гьаризе бегьулел малъа-хъваял ругищ?***

-Узухъда, руго. ЛъикI букIине буго 5-6 моцIидаса цо нухалъ гIаги окулистасухъе беразул хал гьабизе анани.

Дица тIадехун бицунхъе доб решеткаги хIадурун зама-заманалдаса беразул хал гьабизе ккола нилъецагоги. КигIанго гьитIинаб хиси ккун батани лъикI гьечIо захIматаб физическияб хIалтIи гьабизе, бакIаб жо борхизе, гIемераб заманалда цебехун къаркъалаги гьетIизабун хIалтIи гьабизе, ракьулъа чIахI бахъулел рукIине лъикI гьечIо. Гьединго лъикI гьечIо бухIараб лъеца черх чуризеги хинал ваннаби гьаризеги. Гьединго гIорхъи чIвазе ккола жиделъ цIикIкIун холестерин бугел продуктаби кванаялъе (бассараб гьан, хасго кьарияб, ханал, щарил нах). Аслияб къагIидаялда хIалтIизабизе ккола хурдузул нах. Гьединго гIорхъи чIвазе ккола цIамуеги чакаралъеги.

Бакъул къоязда лъикI буго кьер бугел цIоробералгун рукIине. Рукъоб букIине ккола гIураб канлъи. Беразе хIал кколеб хIалтIи гьабулел ругони щибаб 30-40 минуталдаса, 10-15 минуталъе перерыв гьабизе ккола. Жидерго беразде батIаго цIикIкIун кIвар кьезе ккола дистрофиялъ унтарал гIагарлъи бугез.

Дистрофия сах гьабизе захIматаб буго. Амма кинабго унтарасда бараб буго. КигIан хекко байбихьараб дару гьабизе, гьедигIаналъ цIикIкIун хIасилги кьола ва гьедигIаналъ цIикIкIун цIунизеги кIвезе буго жидерго канлъиги гIумруялъул хIаракатчилъиги.

-Аминат, Аллагь разилъаги гьарурал малъа-хъваяздаса.

***Ш. ЛАБАЗАНОВ.***

# ЧIАГОЯЛГИ ХВАРАЗУЛ РУХIАЛГИ РАЗИЯБ ИШ

Росу гьитIинаб бугониги, гьелъул мех цIикIкIараб букIиналъ батилаха Шодрода росдал хабалаз цIикIкIараб бакI ккун бугеб. Чи вукъизе хабалазда бакI батуларого букIунеб хIалалде ккун рукIана гьеб росдал гIадамал. ХIажат букIана цIияб бакI. Гьединал бакIазеги тIабигIиял санагIалъаби гьечIо гьеб росдал. Гьеб кинабгоги хIисабалде босун росдал жамагIаталъул хIукму ккана цебесеб заманалдаго дагьалго гIадамал рукъун рукIарал хабалазул бакI цIи гьабизе ва сверухъ ругел чIорогосел бакIалги жанире рачун гIатIид гьабизе.

Росдал жамагIаталъул гьеб хIукму гIумруялде бахъинабиялъе хIажалъулеб букIана гIезегIанго хIалтIи гьабизе ва гьелъие гIарцулал ресалги. Гьеб киналго разияб кIудияб кIвараралъулаб иш тIаде босана районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевас. Къокъабго заманалда техникаялъул кумекалдалъун гьеб бакI цIан битIараб майданалде сверизабуна, маххул берцинал решеткабаз сверун къана ва лъуна жанире рачIунеб маххул кавуги. Абулеб буго гьениб 400-500 чи вукъизе бакI букIинин…

Гьеб росдае чара гьечIого хIажатаб бакI хIадурун лъугIиналда бан кIудияб мавлидги гьабуна довго МухIамад ПатхIулаевасул хъизамалъ.

Мавлидалда цебе, гьенире рачIун рукIарал ГIанди, МигIарсо, АнсалтIа ва районалъул цогидалги росабазул жамагIатазул вакилзаби цере-цере диниял церехъабигун уна цIиял хабалазе хIадураб бакI бихьизе. Гьениб кIудияб дугIа-алхIам гьабуна районалъул къадиясул заместитель ХIусен-хIажица. Гьесда хадуб цере хъаталги ккун Амин абулеб букIана киназго. ДугIадулъе рачана гьел хабал хIадуриялъулъ гIахьаллъи гьабуралщинал, батIаго М. ПатхIулаев ва гьесул агьлу-хъизам. Аллагьас къабул гьабейгиха гьеб. Гьеб жамагIаталъ кIудияб гьари-дугIа гьабуна гьабсагIаталда хIалтIулел ругел хабалазде цере щведалги.

Гьениса тIад руссарабго росдал мажгиталда жаниб байбихьула мавлидалде. Гьелда цеве кIалъазе вахъарав районалъул къадиясул заместитель ХIусен-хIажица загьир гьабуна мавлид мажлис хIисабалда гьабизе букIин ва гьеб гIинтIамуразе, хасго гIун бачIунеб гIелалъе, цIикIкIун пайдаяб букIинин абун. Гьедин мавлид ахIун ва щибаб мавлидалда хадуб гIалимзаби кIалъазе рахъун тIадегIанаб даражаялда ана гьеб тадбир. Гьединан гьеб бачунеб букIана районалъул къадиясул вакил ХIусен-хIажица.

Гьединан кIалъазе рахъарал АнсалтIа, МигIарсо, РахатIа росабазул дибирзабазги МахIачхъалаялъул исламияб институталъул преподавателасги аслияб тIадчIей гьабуна Аллагьасдасан хIинкъизе ккеялда, ТIадегIанав Аллагьги Гьесул Расулуллагьги рокьизе ккеялда ва бищунго аслияб, Гьесда хадур рилълъине, Гьес тIад лъураб гьабиялда ва гьукъаралдасан инкар гьабизе ккеялда. Гьединго бацIцIадаб ва берцинаб Аллагьги Гьесул Аварагги разияб гIамал-хасияталда рукIине ккеялда ва хIалалабги хIарамабги батIа бахъизе кколеблъиялда. Бицана цIогь, мацIихъанлъи, гъибат-бугътан ва гьереси бицин нажасал ва Аллагьас нагIана кьурал жал рукIиналъул ва гьединал пишабаздаса рацIцIад рукIине ккеялъул хIакъалъулъги. Росабазул жамагIатал ахIана росабазул нухмалъулелгун цадахъ лъугьун гIун бачIунеб гIелалъе рухIиябгун нравственнияб ва патриотикияб тарбия кьеялда ва наркоманиялдасанги гьекъолдиялдасанги ва обществоялъеги жидеегоги заралиял пикрабазул чагIаздасанги цIуниялда сверухъ хIалтIизе, гьелъул пайда, ай хIасил буголъи борхизабизе.

КIалъазе вахъарав районалъул къадиясул вакилас Шодрода росдал гIадамазеги, хасго М. ПатхIулаевасеги агьлуялъеги баркала загьир гьабуна. Росабазул гIадамалги ахIана гьединал лъикIал ва гIаммаб пайдаял мисалазда хадур ине.

Ахиралда кIалъазе рагIи кьурав М. ПатхIулаевас киназего баркала кьуна росдал гьеб кIудияб тадбиралъулъ гIахьаллъи гьабизе рачIаралъухъ, Аллагь разилъаги нужедасан, нижги нижер росуги кIодо гьабун гьанире рачIарал нужеца гьаниб чIараб хIетIе Алжаналъуб чIезабеги Аллагьас,-ян абуна гьес…

Мавлид-мажлисалда хадур къалъул какал ран лъугIиндал, киналго рачуна мавлидалъул тIагIамал кваназе.Хасаб бакIалда рекъезарун лъун ругел столазда тIад гьарзаго бугоан чед, гьан, хинкIал ва цогидалги кванилал нигIматал…

Гьеб тадбиралда гIахьаллъаразул щивасе кьуна сайгъат-салам. Гьеб босичIого виччалев вукIинчIо щивго….

Аллагьас къабул гьабейги гьеб мавлидги гьениб гьабурабщинаб садакъаги! Гьезул бетIергьабазул кинаб мурад батананиги, гьеб мурадалде гьел щвезарегиян гьарулеб букIана киназго. Аллагьас къабул гьабейги гьезул гьеб гьари-дугIаги. Амин!

***Ш. ЛАБАЗАНОВ.***

**ПРОЕКТ «БЕЗОПАСНЫЙ ДАГЕСТАН»** **«ДАГЕСТАН БЕЗ НАРКОТИКОВ»**

# ОБРАЩЕНИЕ

**начальника Управления Федеральной службы по контролю за оборотом наркотиков генерал-майора полиции Энрика Селимовича Муслимова к учащимся и поздравление с наступлением нового учебного года.**



Сегодня 1 сентября-праздник первого звонка. Это самый долгожданный день для тех, кто впервые переступит школьный порог. Это – праздник для первоклашек и первокурсников. И те и другие вступают в совершенно новую жизнь. Потому этот день для них самый волнующий и запоминающийся. Это праздник и для тех, кто не впервые сядет за парту, а сделает очередной шаг по длинной, но такой интересной, полной открытий школьной дороге.

Лето пролетело незаметно, и вновь школа и университеты распахнули свои двери. Вы увидите любимых учителей, друзей, с которыми Вы так долго не встречались. Но самое главное Вы встретитесь с новыми знаниями, знания, которые пригодятся Вам в дальнейшем. Все мы должны учиться и что-то узнавать в этом мире, открывать для себя что-то новое, интересное, познавать все ранее нам не известное и тянуться к знаниям. Образование является самостоятельным просветительским процессом, дает нам знания о мире вокруг нас, развивает в нас мировоззрение. Это важная составляющая жизни. Образование помогает нам строить мнения и точки зрения на всё в жизни.

Итог пагубных пристрастий – низкая успеваемость, слабое здоровье, испорченные отношения с самыми близкими людьми, несбывшиеся надежды, падение социального статуса личности в обществе, а в конечном итоге шаг в пустоту и в безысходность-это наркомания. Наркомания-проблема не только отдельного взятого человека, в конечном итоге это беда всего общества.

Обращаюсь к Вам с искренним пожеланием: беречь свое здоровье, совершенствоваться умственно и физически. Будьте избирательны в выборе круга общения. Современная жизнь предъявляет огромные требования к каждому из нас. Не настраивайте себя на легкие успехи и достижения. Получение полезных знаний - это тяжелый титанический труд.

Я желаю вам не терять этот настрой, и одолеть все трудности, с которыми вам придется столкнуться на пути к поставленной цели.

**ПОМНИТЕ,** что уровень Вашего развития, Ваше мировоззрение сегодня - это показатель благополучия нашей страны завтра.

**Успехов Вам, дорогие учащиеся, в новом учебном году!**

# Профилактика малярии

Малярия - это группа заболеваний, которая протекает с повышением температуры, снижением гемоглобина крови, увеличением печени и селезенки. Причина болезни - микроорганизмы - разные виды малярийного плазмодия, попадающие в организм человека при укусе самки комара рода Anopheles. Ежегодно в мире регистрируется до 500 миллионов заболевших малярией, причем приблизительно в 90% случаев заболевают жители различных районов Африки.

В настоящее время малярия может быть завезена из 105 стран на свободные от нее территории, где существуют местные популяции комаров рода Anopheles и благоприятные условия для передачи инфекции.

Продолжающаяся миграция граждан России (туристы, бизнесмены, специалисты - контрактники) и жителей эндемичных стран ближнего и дальнего зарубежья вРД и наш район (студенты, трудовые мигранты, переселенцы) может привести к активизации эпидемического процесса.

Реальную опасность распространения малярии составляют завозные случаи трехдневной малярии в сезоне передачи малярии (май-сентябрь), особенно, в случае позднего выявления больных.

Необходимо знать, что малярия – тяжелое паразитарное заболевание, широко распространенное в странах с тропическим и субтропическим климатом (Юго-Восточной Азии, Африки, Южной Америки) и в странах ближнего зарубежья (Азербайджан, Армения, Узбекистан, Таджикистан, Грузия, приграничные территории).

Известны 4 формы малярии, из которых наиболее тяжелая - тропическая, распространенная в странах Африки. Заражение происходит при укусах малярийных комаров.

Инкубационный период составляет от 7 дней до 1 месяца при тропической малярии и до 3-х лет при других формах.

Симптомы заболевания - повышение температуры, озноб, сильное потоотделение, головная боль, слабость, боли в мышцах и суставах.

При тропической малярии без проведения своевременного лечения возможен смертельный исход в очень короткий срок от начала заболевания.

К группе особого риска относятся :дети, беременные женщины (малярия приводит к большому числу выкидышей - до 60%, смерти беременных - до 15%), люди с ВИЧ/СПИДом; лица, совершающие частые международные поездки.

Поэтому всем выезжающим в тропические страны Африки, Юго-Восточной Азии, Средней и Южной Америки необходимо помнить, что :

- при выборе страны для туристической поездки получить информацию в туристических фирмах, организующих путешествия, о наличии в ней опасности инфицирования малярией;
- за неделю до выезда в «тропики» следует начинать регулярный прием противомалярийного препарата, который обеспечит защиту организма. Прием препарата необходимо продолжать весь период пребывания в тропических странах и один месяц после возвращения на родину. Выбор лекарства зависит от страны пребывания, а его доза определяется врачом;
- во время пребывания в стране применять репелленты (средства, отпугивающие комаров), нанося их на открытые участки тела, а также пропитывать ими одежду;
- при выходе из дома после заката солнца одеваться в плотную, максимально закрытую светлых тонов одежду;
-на открытые участки тела наносить репелленты;
-спать в засетченной комнате;
- перед сном обрабатывать помещение инсектицидным аэрозолем;
- при наличии большого количества комаров спать под пологом, обработанным инсектицидом.
- при любом заболевании с повышением температуры тела в течение 2-х лет после возвращения из страны, неблагополучной по малярии, сообщать об этом лечащему врачу.

Только раннее выявление больных малярией поможет их выздоровлению и предупреждению распространения инфекции среди окружающего населения!

Помните, что малярию можно предупредить!

***Главный врач***
***Ф ФБУЗ «ЦГ и Э в РД***
***в Ботлихском районе»***
***Х.М. Джамалдинова***



# Управление Федеральной службы государственной регистрации, кадастра и картографии по Республике Дагестан информирует

2. Государственная регистрация аренды (договора аренды) объекта нежилого назначения

2.1. Заявитель - физическое лицо:

2.1.1. Заявление физического лица (одной из сторон договора) о государственной регистрации договора аренды. В случае если договор нотариально удостоверен, заявление о государственной регистрации сделки может быть представлено нотариусом (работником нотариуса) (оригинал).

2.1.2. Документ, удостоверяющий личность заявителя (оригинал).

2.1.3. Документ, подтверждающий полномочия представителя (если от имени стороны (сторон) договора действует представитель) (оригинал и копия).

2.1.4. Документ, подтверждающий полномочия лица на подписание договора аренды (если договор подписан представителем физического лица (арендатора или арендодателя) (оригинал и копия).

2.1.5. Договор аренды со всеми приложениями (если договор совершен в простой письменной форме - оригинал, не менее 2 экземпляров; если договор нотариально удостоверен - не менее 2 экземпляров, один из которых оригинал). Если земельный участок, на котором расположено передаваемое в аренду здание или сооружение, принадлежит арендодателю на праве собственности (аренды), арендатору одновременно со зданием или сооружением по договору предоставляется право аренды земельного участка или предусмотренное договором аренды здания или сооружения иное право на данный земельный участок.

2.1.6. Кадастровый паспорт здания (сооружения, помещения), выданный после 1 марта 2008 г., либо технический паспорт, иной документ, который содержит описание такого объекта недвижимости, выданный до 1 марта 2008 г., удостоверенный соответствующей организацией (органом) по учету объектов недвижимости, с указанием сдаваемого в аренду помещения и размера арендуемой площади (представляется в случае, если в аренду сдается помещение в здании, сооружении или часть помещений в них, при этом в Едином государственном реестре прав на недвижимое имущество и сделок с ним (ЕГРП) зарегистрировано вещное право арендодателя на здание (сооружение, помещение) в целом) (оригинал и копия).

2.1.7. Иные документы, которые в установленных законодательством случаях необходимых для государственной регистрации, в том числе для проверки законности сделки, включая:

- удостоверенное в установленном порядке согласие другого супруга на заключение договора либо документ, свидетельствующий о том, что объект недвижимости не находится в совместной собственности супругов (брачный договор, соглашение о разделе общего имущества супругов, решение суда о разделе имущества и определении долей супругов (оригинал и копия, решение суда - не менее 2-х экземпляров копий);
- письменное согласие залогодержателя на передачу объекта недвижимости в аренду, если объект находится в залоге и иное не предусмотрено договором об ипотеке (оригинал и копия).

2.2. Заявитель - юридическое лицо:

2.2.1. Заявление юридического лица (одной из сторон договора) о государственной регистрации договора аренды. В случае если договор нотариально удостоверен, заявление о государственной регистрации сделки может быть представлено нотариусом (работником нотариуса) (оригинал).

2.2.2. Документ, удостоверяющий личность представителя юридического лица (оригинал).

2.2.3. Документ, подтверждающий полномочия представителя юридического лица действовать от имени юридического лица (оригинал либо заверенная в установленном порядке копия).

2.2.4. Учредительные документы юридического лица либо заверенные в установленном порядке копии учредительных документов юридического лица или заверенные лицом, имеющим право действовать без доверенности от имени юридического лица, и печатью юридического лица копии этих учредительных документов не представляются в орган, осуществляющий государственную регистрацию прав, в случае, если ранее в указанный орган были представлены учредительные документы юридического лица вместе с заявлением о государственной регистрации прав и иными необходимыми для государственной регистрации прав документами и проведена государственная регистрация права юридического лица на соответствующий объект недвижимости, а также если с момента проведения государственной регистрации права юридического лица федеральным органом исполнительной власти, осуществляющим государственную регистрацию юридических лиц, не регистрировались изменения учредительных документов юридического лица.

2.2.5. Документ, подтверждающий полномочия лица на подписание договора аренды лицом, не являющимся руководителем или иным лицом, действующим от имени юридического лица без доверенности (оригинал и копия).

2.2.6. Договор аренды со всеми приложениями (если договор совершен в простой письменной форме - оригинал, не менее 2 экземпляров; если договор нотариально удостоверен - не менее 2 экземпляров, один из которых оригинал). Если земельный участок, на котором расположено передаваемое в аренду здание или сооружение, принадлежит арендодателю на праве собственности (аренды), арендатору одновременно со зданием или сооружением по договору предоставляется право аренды земельного участка или предусмотренное договором аренды здания или сооружения иное право на данный земельный участок.

2.2.7. Кадастровый паспорт здания (сооружения, помещения) с указанием части его, сдаваемой в аренду (если в аренду сдается часть здания (сооружения, помещения); прилагается к договору аренды) (оригинал и копия).

2.2.8. Иные документы, которые в установленных законодательством случаях необходимы для государственной регистрации, в том числе для проверки законности сделки, включая: (протокол аукциона).

- письменное согласие залогодержателя на передачу объекта недвижимости в аренду, если объект находится в залоге и иное не предусмотрено договором об ипотеке (оригинал и копия);
- решение компетентного органа юридического лица об одобрении крупной сделки или сделки, в совершении которой имеется заинтересованность (оригинал и копия) (отсутствие такого документа в составе представленных документов подтверждает, что для юридического лица сделка не является крупной, она также не является сделкой, в совершении которой имеется заинтересованность).

**(Управление Росреестра по РД)**
**Ботлихский межмуниципальный отдел368970,**
**Ботлихский район с. Ботлих**
**Тел. /факс (8 271) 2-21-37**

**Специалист-эксперт**
**Ибрагимов Ислам А.**

# АДАБИЯТАЛЪУЛ ГЪАСДА

**Бакъул горду гIадаб Ингердахъ росдал босе, Болъихъ шагьар, щулияб салам!**



Шагьрудин Къурбанов гьавуна ГIахьвахъ районалъул Ингердахъ росулъ 1942 соналъ. Жиндирго гIумрудул хIакъалъулъ гьес гьадин хъвалеб буго.

-Рагъул ва рагъдаса хадусел соназ гIемер вакъунги къечонги хутIана, тIад ретIизе партални букIинчIо. ХIатIазда гIицIго вилълъиналъ лъехана хIатIал.

Киналъулго хIисабги гьабун, цIалиялда тIадчIана..

1969 соналъ лъугIана Буйнакскиялъул Авар педучилище. ЦIалулаго лъай-хъвай ккун хадуй ячана Хунзахъ районалъул машгьураб ТIануси росулъа ПатIимат. Гьелдасаги лъималаздасаги цIакъ разиявги вохаравги вуго дун. 1977 соналъ лъугIизабуна пединститут. 1969 соналдаса нахъе хIалтIулев вуго Ингердахъ росулъ мугIалимлъун. ГьитIинаб мехалдасанго бокьулеб букIана кучIдул хъвазе. Гьал кучIдулги дица сайгъат гьарула пединституталда цIалула вугеб мехалъ цадахъ цIалула рукIарал гьалмагъзабазе. Гьединго Болъихъ гIумру гьабун бугел росуцоязе, лъале-хъвалезе.

Гьанибго абизе бокьун буго:

**Дун поэтги гуро, КочIохъан гьечIо,**
**РекIел чучиялъул, Чанахъан вуго!**

## БЕТIЕР КЪУЛУЛА ДИЦА

Рагъда россал тIагIарал,
ТIолалго гьал улбузе,
ТIаса тIагъурги бахъун,
БетIер къулула дица.

Къисматалъ талихI кьечIел,
Къайицадахъал гьечIел,
БахIарзазул лъудбузе
БетIер къулула дица !

Чан батIияв пикрабаз
БутIрул нужер квегъарал ?
Кинабго лъикIаб гьарун,
БетIер къулула дица !

ЗахIматал къварилъабаз
Къан рачел борчаниги,
Чаран гIадин къвакIарал,
БетIер къулула дица !

ТIагърил къимат рехичIо,
Къадру тIокIал россазул,
КъвакIун чIана кидаго
БетIер къулула дица !

БитIараб къимат кьезе
Къуват дирги гIеларо,
ГIумруялъ рекIелъ ругел,
БетIер къулула дица !

Хириял росал сверун
Къункърабазде ратани,
Нуж руго мугIрул бисал,
БетIер къулула дица !

ХIалихьатаб къавмалъе
Къураб рагIи бицинчIел,
Къирбалалъул жамагIат,
БетIер къулула дица !

Гьабулеб дугIа-алхIам,
Дурус ккайги нужее.
Диналъул церехъаби,
БетIер къулула дица !

Нужер хIурматги гьабун
КучIдул хъвазе ахIула
Камилал дир умумул,
БетIер къулула дица!

## БЕРГЬЕНЛЪИ БОСАРАЛ НИЛЪЕР БАХIАРЗАЛ

Ниж фашистаздаса
РухI кьун цIунарал
ЦIадул гулла гIадал
Гучал БахIарзал!

Берлин бахинабун
Немцал хъамурал
ХъвекIал цIумал гIадал
ЦIар арал васал!

Дагъистаналда тIогьиб
Байрахъал чIварал
БахIарчилъи тIокIал
ТIулилал вацал!

Нилъеда кидаго
КIочене гьечIо
Бергьенлъи босарал
Сахал бихьинал!

Нилъ чIухIарал руго
БахIарзаздаса
Нилъ роххарал руго
Улкаялдаса!

## БУКIА ДУЛЪ

Эбел-инсул хIурмат гьаби БукIа дулъ!
КIудиязе кумек гьаби БукIа дулъ!
Гьоболасул хъулухъ тIубай БукIа дулъ!
РакIбацIцIадго хIалтIи гьаби БукIадулъ!
ХIалихьалъи гьечIеб гIамал БукIа дулъ!
Гьудул-гьалмагъ лъикIав вищи БукIа дулъ!
МацIихъанлъи рикIкIад гьаби БукIа дулъ!
ГIадамазе кумек гьаби БукIа дулъ!
КIал-мацIалда хьаравуллъи БукIа дулъ!
Диналдехун рокьи-хурхен БукIа дулъ!
БахIарчилъи, сабру гьаби БукIа дулъ!
Адабияб тарбия кьей БукIа дулъ!
ЛъикIалдехун пикру-анищ БукIа дулъ!
РекIел мурад тIубазе лъай БукIа дулъ!
БетIер хIалтIун, хIатIал роси БукIа дулъ!
НигIматазул хIурмат цIуни БукIа дулъ!
Дуй рихараб чидай гьаби Рехун те!

## САХЛЪИ

ЛъикIал гIадамазе
Гьарула сахлъи,
Сахават тIокIазе
ТIокIкIараб сахлъи.

Сабру камилазе
Кидаго сахлъи,
Кеп-гIоркь бокьулезе
Лазатаб сахлъи.

ИяхI цIикIкIаразе
РоцIцIараб сахлъи,
Мискин пакъиразе
Къойилаб сахлъи,

Къайицадахъазе
Даимаб сахлъи,
КъабихIал чагIазе
Чучлъараб сахлъи,

Чорхолъ яхI гьечIезе
Гьодораб сахлъи,
Кьалде халкъ гъолезе
Гъурараб сахлъи,

ЛъикIав гьалмагьасе
Гьайбатаб сахлъи,
Гьудул рехичIезе
Рохараб сахлъи,

БитIун хьвадулезе
Дурусаб сахлъи.
ТIолареб рокьуе
КьуричIеб сахлъи,

Квешлъи бекьулезе
КьучI гьечIеб сахлъи,
СихIираб халкъалъе
ХIалакъаб сахлъи,

Кумек цIикIкIаразе
КIудияб сахлъи,
Росу-ракь кколезе
Камилаб сахлъи,

Как-дин роцIаразе
Разияб сахлъи,
Сахлъи , сахлъи, сахлъи
ЛъикIал щиназе !

## Колонка прокурора

### Изменение порядка выборов главы муниципального образования

Федеральным законом от 03.02.2015 № 8-ФЗ внесены изменения в статью 36 Федерального закона от 06.10.2003 № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» (далее – Федеральный закон № 131-ФЗ), согласно которым глава муниципального образования помимо избрания на прямых выборах или представительным органов из своего состава, в соответствии с законом субъекта Российской Федерации и уставом муниципального образования может избираться представительным органом муниципального образования из числа кандидатов, представленных конкурсной комиссией по результатам конкурса.

В силу требований закона, в случае принятия закона субъекта Российской Федерации, изменяющего порядок избрания главы муниципального образования, данный порядок применяется после истечения срока полномочий глав муниципальных образований, избранных до дня вступления в силу указанного закона субъекта Российской Федерации.

Законом края от 01.12.2014 № 7-2884 «О некоторых вопросах организации органов местного самоуправления в Красноярском крае» (в ред. от 03.03.2015) для большинства муниципальных образований края установлено, что глава муниципального образования избирается представительным органом муниципального образования из числа кандидатов, представленных конкурсной комиссией по результатам конкурса, и возглавляет местную администрацию.

При этом требований о назначении и проведении конкурса по отбору кандидатов на должность главы новым составом представительного органа, а также сроков назначения конкурса в связи с окончанием полномочий действующего главы, Федеральный закон № 131-ФЗ не содержит.

В соответствии с частью 2.1 статьи 36 Федерального закона № 131-ФЗ порядок проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования устанавливается представительным органом муниципального образования. Порядок проведения конкурса должен предусматривать опубликование условий конкурса, сведений о дате, времени и месте его проведения не позднее чем за 20 дней до дня проведения конкурса.

Общее число членов конкурсной комиссии в муниципальном образовании устанвливается представительным органом муниципального образования.

В муниципальном районе, городском округе половина членов конкурсной комиссии назначается представительным органом соответствующего муниципального образования, а другая половина - высшим должностным лицом субъекта Российской Федерации.

Требования к кандидату на должность главы муниципального образования определяются представительным органом исходя из ограничений, установленных Федеральным законом № 131-ФЗ, несовместимых с занятием указанной должности.

К процедуре проведения конкурса на должность главы муниципального образования Федеральный закон от 12.06.2002 № 67-ФЗ «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации» не применяется, поскольку регламентирует иные правоотношения - реализацию гражданами Российской Федерации конституционного права на участие в выборах и референдумах, то есть прямого волеизъявления.

**И.О. прокурора района , младший советник юстиции Д.А. Джабраилов**

## МИКРОПЕРЕПИСЬ НАСЕЛЕНИЯ 2015 ГОДА КАК ОТРАЖЕНИЕ ДЕМОГРАФИЧЕСКОЙ СИТУАЦИИ СОВРЕМЕННОЙ РОССИИ

МИКРОПЕРЕПИСЬ НАСЕЛЕНИЯ 2015

Согласно Федеральному закону «О Всероссийской переписи населения» не реже одного раза в десять лет в Российской Федерации должны проводиться переписи населения. Однако большой срок между переписями приводит к тому, что отдаляясь от даты проведения переписи отдельные данные уже не отражают современное состояние общества.

Для обеспечения органов власти актуальной информацией о ходе выполнения программ демографического, социального и экономического развития и вновь появившихся проблемах, требующих внимания органов власти, на территории всех субъектов Российской Федерации с 1 по 31 октября 2015 года будет проводиться микроперепись населения с охватом примерно 1,7% постоянного населения.

В отличие от переписи при микропереписи населения будут более широко изучаться вопросы, связанные с демографической ситуацией, сложившейся в стране. Итоги последней переписи населения показали, что продолжается процесс старения населения, наметились тенденции уменьшения численности лиц, состоящих в браке, и лиц, никогда не состоявших в браке, выросла численность разведенных и вдовых. Сокращается среднее число рожденных женщинами детей.

Для получения актуальной информации о состоянии рождаемости в стране при проведении микропереписи будут заданы вопросы не только о том сколько женщина родила детей, но и вопросы отдельно к мужчинам (в возрасте 18-59 лет) и к женщинам (в возрасте 18-44 лет)о том, сколько всего детей, включая уже имеющихся, собираются они иметь и сколько детей хотелось бы им иметь при наличии всех необходимых условий. Если мужчина или женщина укажут, что хотят иметь детей больше, чем собирались иметь, то будет выясняться, в какой степени определенные условия могли бы способствовать рождению желаемого числа детей. Каждое из двенадцати условий для рождения ребенка, содержащихся в опросном листе, будет оцениваться самим населением по пятибальной оценке. В перечень условий для рождения ребенка включены:

- возможность получения ежемесячного денежного пособия (предоставления оплачиваемого отпуска) по уходу за ребенком до3 лет;
- возможность получения федерального материнского (семейного) капитала;
- возможность получения материнского (семейного) капитала, установленного в регионе проживания;
- возможность получения ежемесячной денежной выплаты на третьего ребенка в размере прожиточного минимума ребенка, установленного в регионе проживания;
-возможность без проблем получить место для ребенка в детском саду, яслях;
-налоговые льготы работающим родителям;
- предоставление семьям с тремя и более детьми земельных участков под строительство жилого дома;
- возможность иметь гибкий график работы (или неполный рабочий день/неделю, или дистанционно, на дому);
- возможность профессиональной подготовки, переподготовки и повышения квалификации в период отпуска по уходу за ребенком в возрасте до 3 лет;
- изменение личных обстоятельств;
- повышение уровня жизни Вашей семьи;
- возможность при рождении второго или последующего ребенка получить беспроцентную ссуду на покупку жилья площадью в размере социальной нормы.

Полученная информация по этим вопросам в сочетании с такими характеристиками, как возраст, состояние в браке, занятость, обучение, имеющиеся источники средств к существованию и оценка состояния здоровья, отразит современное состояние демографической ситуации в стране, даст возможность оценить ход реализации Концепции демографической политики Российской Федерации на период до 2025 года и, в случае необходимости, принять дополнительные меры для ее успешного выполнения.

Всю актуальную информацию о ходе подготовки микропереписи населения 2015 года можно получить на странице Росстата: https://www.facebook.com/rosstatistika

## Информация по проф.обучению..

Внимание!!!

Граждане, относящиеся к особой группе риска, - бывшие участники незаконных вооруженных формирований, решивших прекратить террористическую и экстремистскую деятельность и адаптированных в мирной жизни, а также, освободившихся из мест лишения свободы ГКУ РД ЦЗН в МО «Ботлихский 'район» предоставляет государственную услугу по организации:

- профессионального обучения и получения дополнительного профессионального образования безработных граждан, включая обучение в другой местности;
- профессиональной ориентации граждан в целях выбора сферы деятельности (профессии), трудоустройства, прохождения профессионального обучения и получения дополнительного профессионального образования;
- социальной адаптации безработных граждан на рынке труда;
- психологической поддержке безработных граждан

**Ботлихский центр занятости.**


*Газета гIуцIарал:* *Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив*

*Учредители:* Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

*БетIерав редактор* **ГI. ГIумаханов**

*Редакторасул заместитель* **А. Агъларов**

*Отделалъул редакторал* **Ш. Лабазанов, П. Дибирова**

**ГЬУДУЛЛЪИ**
*Тираж 1000*

**Мухбирзаби** *З.МухIамадова/М.ГIумаханова*

Наборщица П. Эльдарова | Фотокорр. Ш.Муртазалиев | Дизайнер А. Назирбекова | Программист А. Ибрагьимова

*Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6*

*Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ. Регист. ПИ № 10 - 4614*

*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.*

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*